

ETA NEW YORK BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI (NEW YORK STATE
OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES)**OTO-EVALYASYON**

Objektif fòm sa a se pou moun k ap aplike a (yo) fanmi li konsidere enpak sa pral genyen sou lavi yo lè yo vin paran fanmi dakèy/paran adoptif.

Eksplikasyon:

Moun k ap aplike a (yo): Moun k ap aplike a (yo), ansanm ak lòt moun nan kay la, san wete timoun ki konsène yo, dwe ranpli fòm sa a. Ou kapab itilize fèy papye anplis si sa nesesè.

Travayè sosyal: Yo dwe bay moun k ap aplike a (yo) fòm lan pou li (yo) ranpli. Travayè sosyal la ta dwe egzamine kesyon ki pi ba yo ak moun k ap aplike a (yo) ak lòt moun nan kay la ansanm, omwen yon fwa anvan aplikasyon an. Sepandan, li rekòmande pou yo evalye konsiderasyon sa yo pandan tout pwosesis la. Yo dwe kenbe fòm ki ranpli a nan dosye moun k ap aplike a.

NON KANDIDA A (YO):

1. Kisa ki te fè w chache fè fanmi dakèy ak/oswa adopte nan moman sa a?

2. Kisa fanmi dakèy vle di pou ou?

2a. Kijan w konprann paran ki gen timoun yo ki nan fanmi dakèy?

3. Kisa adopsyon vle di pou ou?

3a. Kijan w konprann timoun ki nan fanmi dakèy k ap tann yo adopte yo?

4. Selon ou, ki gwo diferans ki genyen ant fanmi dakèy ak adopsyon?

5. Nan ki pwen fanmi w ak lòt moun nan kay la, san wete timoun yo, te patisipe nan desizyon ou te pran pou vin yon fanmi dakèy ak/oswa adoptif?

6. Ki kalite sipò ou panse yon timoun ki separe ak fanmi li ka bezwen?

6a. Dekri kijan w ta pral bay sipò w?

7. Kijan w pral travay avèk ajans sa a pou w kapab ede timoun ki nan fanmi dakèy la retounen nan fanmi li?

7a. Kijan w pral travay avèk ajans sa a pou w kapab ede timoun lan fè tranzisyon pou l ale nan adopsyon si sa nesesè?

8. Nan ki mezi ou pral ede nan fè aranjman pou timoun lan kapab pase tan avèk fanmi biyolojik li, frè ak sè li yo, granparan li yo, elatriye.

8a. Nan ki mezi ou pral patisipe nan fè timoun lan pase tan avèk fanmi li?

9. Ki jan w konprann adopsyon lib?

10. Ki preyokipasyon w genyen konsènan adopte nan yon fanmi dakèy?

11. Nan ki mezi ou santi w alèz avèk vizit/kominikasyon souvan avèk travayè ajans yo?

12. Kijan w pral santi w lè w ap pataje enfòmasyon pèsonèl ki konsène lavi w pandan tout pwosesis sa a?

13. Selon ou, ki pi bon enpak ak pi move enpak fè fanmi dakèy pral genyen sou oumenm ak fanmi w?

13a. Pou adopte?

14. Kijan w pral sipòte yon timoun ki nan fanmi dakèy oswa yon timoun k ap tann yo adopte l pou l kapab kenbe lyen yo si li pa gen menm relijyon, menm orijin, menm ras ak/oswa kilti ak fanmi w?

15. Kijan w prevwa chanje orè w pou w kapab reponn ak bezwen timoun nan (yo)?

15a. Kijan sa pral afekte orè travay ou?

16. Èske w pral bezwen modifye espas fizik ou pou w kapab fè plas pou timoun nan (yo)?

17. Ki refleksyon w fè pou w kapab fè timoun lan (yo) patisipe nan aktivite chak jou ou yo, evènman nan kominte a, evènman familyal yo elatriye?

18. Èske ou genyen bèt kay?

Wi Non

18a. Si w genyen, ki kalite epi konbyen ou genyen?

18b. Kijan yo reyaji avèk timoun ak/oswa lòt etranje nan kay la?

19. Selon ou, pou konbyen tan w pral vle ak kapab akeyi timoun lakay ou?

20. Ou dwe resevwa fòmasyon pou yo sètifye w oswa apwouve w. Epi tou, ou dwe toujou ap resevwa fòmasyon. Toude moun k ap aplike yo dwe patisipe nan premye fòmasyon an k ap dire an mwayèn 30 èdtan sou yon peryòd 10 semenn, plis fòmasyon chak ane yo. Ki chanjman ou pral dwe fè pou w kapab patisipe nan fòmasyon san rete ki obligatwa a?

SA K AP PASE APRE?

Èske w ta renmen franchi pwochen etap nan pwosesis la?

Wi Non

Si wi, kisa ki enterese w nan moman sa a?

Fanmi Dakèy Adopsyon Toude

Si wi, èske w gen preferans kounye a konsènan kantite, limit laj ak karakteristik timoun ou vle responsab yo?

Wi Non

Eksplike:

Premye Evalyasyon pou wè si Fanmi an Pare:

Se travayè sosyal la ki pou ranpli l epi egzamine l ak moun k ap aplike a (yo) (*Chwazi youn epi eksplike l.*)

Dat: / /

Premye Etap yo:

Sipò Minimal ki Nesesè:

Akseptab:

SIYATI KANDIDA A:

X

DAT:

/ /

SIYATI KANDIDA A:

X

DAT:

/ /

SIYATI TRAVAYÈ SOSYAL LA: X	DAT: / /
SIYATI SIPÉVIZÉ A: X	DAT: / /
Dezyèm Evalyasyon pou wè si Fanmi an Pare: Se travayè sosyal la ki pou ranpli l epi egzamine l ak moun k ap aplike a (yo) (<i>Chwazi youn epi eksplike l.</i>)	Dat: / /
Premye Etap yo:	
Sipò Minimal ki Nesesè:	
Akseptab:	
SIYATI KANDIDA A: X	DAT: / /
SIYATI KANDIDA A: X	DAT: / /
SIYATI TRAVAYÈ SOSYAL LA: X	DAT: / /
SIYATI SIPÉVIZÉ A: X	DAT: / /